

# Konprann Evalyasyon Altène Laflorid la



**Enfòmasyon pou Paran yo  
2007–2008**

## Evalyasyon Altène Laflorid la

Evalyasyon Altène Laflorid (*Florida Alternate Assessment*) la se yon evalyasyon baze sou pèfòmans, se pa yon tès sou papye ak kreyon. Li deziyen pou elèv ki genyen go andikap kognitif pou ki patisipasyon yo nan Tès Evalyasyon Konpreyansif Laflorid (FCAT) la pa apwopriye, men avèk akomodasyon.

### Kimoun ki detèmine si pitit mwen an patisipe nan Evalyasyon Altène Laflorid?

- Desizyon sou kalite evalyasyon yo bay elèv la baze sou bezwen endividyèl chak elèv epi se Ekip Plan Edikasyon Endividyèl la (IEP) ki gen ladan paran, pwofesè administratè ak founisè sèvis yo ki detèmine sa.


### Ki ekspektasyon elèv ki gen andikap yo?

- Laflorida gen yon sistèm estanda ki soupye pou tout elèv yo.
- *Sunshine State Standards* ak Pwen Aksè pou Elèv ki gen Andikap Koyitif ki wo se poto mitan korikoulòm la, estrateji ansèyman ak evalyasyon yo.
- Yo evalye siksè elèv yo nan estanda yo nan youn nan twa fason:

FCAT san akomodasyon

FCAT ak akomodasyon

Evalyasyon Altène Laflorid la pou elèv ki genyen andikap kognitif ki wo.



## Kisa Pwen Aksè yo ye?

- Pwen Aksè an reflekte konsèp prensipal *Sunshine State Standards* ak nivo kompleksite redwi. Pou asire aksè sou aptitud akademik ak konsèp ki aplike pou kanmarad ke gen menm laj yo.

*Pou plis enfòmasyon sou Pwen Aksè a, vizite sitwèb Depatman Edikasyon Laflorid la nan [www.flstandards.org](http://www.flstandards.org).*

## Ki Nivo Kompleksite yo?

- Pwen Aksè yo dekri konsesans ak abilite ki nesèsè nan chak klas.
- Chak Pwen Aksè yo tout 3 nivo kompleksite.
- Twa nivo kompleksite sa yo se se: Endepandan (In), Sipòte (Su), Patisipatwa (Pa). Nivo Patisipatwa se li ki mwen konplike.

In

Su

Pa



**Pi Konplike**

**Mwen Konplike**

## Kimoun ki ka bay Evalyasyon Altène Laflorid la?

- Pwofesè edikasyon espesyal la bay bay chak elèv Evalyasyon Altène Laflorid la endividyèlman. Si li pa posib pou Pwofesè edikasyon espesyal la, yon pwofèsè sètifye oswa yon pwofesyonèl ki travay anpil ak elèv yo, epi ki gen anpil antrènman nan evalyasyon.

## Kilè yo bay Evalyasyon Altène Laflorid la?

- Yo bay Evalyasyon Altène Laflorid la chak ane epi li evalue elèv yo nan Lektü (klas 3 – 10), Matematik (klas 3 – 10), Ekriti (klas 4, 8, ak 10), ak Syans (klas 5, 8, ak 11).

## **Kouman y ap itilize nòt evalyasyon yo?**

Yo ka itilize rezilta nòt pitit ou an pou:

- ede Ekip Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) devlope objektif pou lane a;
- enfòme planifikasyon edikasyonèl la;
- amelyore siksè elèv la nan salklas li an;
- veye pwogrè de ane a ane;
- detèminen bezwen fòmasyon pwofesè yo; epi
- asire yo anseye elèv yo konesans ak kapasite ki make nan Pwen Aksè *Sunshine State Standards* yo.

## **Kisa mwen ka fè antan yon paran pou prepare pitit mwen an pou Evalyasyon Altène Laflorid lan?**

- Asire pitit ou an byen repoze.
- Bay pitit ou an yon rejim alimantè ki byen balanse. Sa pral ede asire li gen yon kò ki ansante ak yon lespri ki aktif ak eveye.
- Ankouraje pitit ou a pou li bay meyè de limenm.

## **Kouman mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou Evalyasyon Altène Laflorid (Florida Alternate Assessment)?**

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou Evalyasyon Altène Laflorid lè wpale ak pwofesè pitit ou a oswa lekòl distri Administratè ESE lekòl la. Ou ka kontakte tou Biwo Sèvis Etidyan Eksepsyonèl ak Sèvis Etidyan yo nan Depatman Edikasyon Laflorid (Department of Education Bureau of Exceptional Education and Student Services) la nan (850) 245-0475.

Piblikasyon sa a disponib ann Angle epi li tradwi an Kreyòl Ayisyen. Ou ka jwenn bwochi yo nan distri Administratè ESE (ESE Administrator) a, oswa ou ka telechaje kopi bwochi sa a nan <http://www.fldoe.org/ese/>.



Dr. Eric J. Smith  
Komisyone Edikasyon